



## **Harbor Health Services, Inc. Avi sou Pratik Konfidansyalite**

Enfòmasyon w. Dwa ou yo. Responsabilite nou yo.

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou ak kijan ou ka gen aksè nan enfòmasyon sa a.  
**Tanpri egzamine I avèk anpil atansyon.**

### **Dwa ou yo**

#### **Lè li konsène enfòmasyon sou sante w, ou gen sèten dwa.**

Seksyon sa a eksplike dwa ou yo ak kèk nan responsabilite nou genyen pou ede w.

**Jwenn dosye medikal ou sou papye oswa nan fòma elektwonik.** Ou ka mande pou wè oswa jwenn dosye medikal ou sou papye oswa nan fòma elektwonik ak lòt enfòmasyon sante nou gen sou ou. Mande nou kijan pou nou fè sa. Nou pral bay yon kopi oswa yon rezime sou enfòmasyon sante w, jeneralman nan lespas 30 jou apati dat nou resevwa demann lan. Nou ka chaje yon frè rezonab ki baze sou depans yo.

**Mande nou pou korije dosye medikal ou.** Ou ka mande pou nou korije enfòmasyon sante w ou panse ki pa kòrèk oswa ki pa konplè. Mande nou kijan pou nou fè sa a. Nou ka di "non" a demann ou an, men nou pral ba ou rezon alekri nan lespas 60 jou.

**Mande komunikasyon konfidansyèl.** Ou ka mande nou pou kontakte w nan yon fason spesyal (pa egzanp, nimewo telefòn nan kay oswa biwo) oswa pou voye kourye nan yon adres differan. Nou pral di "wi" pou tout demann rezonab yo.

**Mande nou pou limite sa nap itilize oswa pataje.** Ou ka mande pou nou **pa** itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sante pou tretman, peman, oswa fonksyonman nou. Nou pa oblige aksepte demann ou an, e nou ka di "non" si li pral afekte swen w. Si ou peye pou yon sèvis oswa atik swen sante nan pòch ou anplen, ou ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sa a nan bi peman oswa tranzaksyon nou avèk konpayi asirans ou an. Nou pral di "wi" sof si yon lwa mande pou nou pataje enfòmasyon sa a.

#### **Jwenn yon lis moun ke nou te pataje enfòmasyon w.**

Ou ka mande pou yon lis (kontablite) nan moman nou te pataje enfòmasyon sante w pou sizan anvan dat ou te fè demann avèk ki moun nou te pataje 1, ak pou ki rezon. Nou pral ajoute tout divilgasyon yo sof pou sila yo ki konsène tretman, peman ak operasyon swen sante, ak sèten lòt divilgasyon (tankou tout sa ou te mande nou fè). Nou pral bay yon bilan gratis yon fwa pa ane men nou pral chaje yon frè rezonab ki baze sou depans si ou mande yon lòt nan lespas 12 mwa.

**Jwenn yon kopi avi sou konfidansyalite sa a.** Ou ka mande yon kopi papye avi sa a nenpòt kilè, menmsi ou dakò pou resevwa avi a elektwonikman. Nou pral ba ou yon kopi papye rapidman.

**Chwazi yon moun pou aji pou ou.** Si ou te bay yon moun pwokirasyon medikal oswa si yon moun se gadyen legal ou, ki ka egzèze dwa w epi fè chwa sou enfòmasyon sante w.

Nou pral asire ke moun nan gen otorite e li ka aji pou ou anvan nou pran yon aksyon.

**Depoze yon plent si ou panse yo te vyole dwa ou yo.** Ou ka pote plent si ou panse nou te vyole dwa ou yo lè ou kontakte nou nan itilize enfòmasyon ki nan do paj la. Ou ka depoze yon plent avèk Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini Biwo pou Dwa Sivil [U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights] lè ou voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/). Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou te depoze yon plent.

### **Chwa ou yo**

Pou sèten enfòmasyon sante, ou ka di nou chwa ou yo sou sa nou pataje. Si ou gen yon preferans klè sou fason nap pataje enfòmasyon w nan sitiyasyon yo ki dekri anba, pale avèk nou. Di nou kisa ou vle nou fè, e nou pral swiv enstriksyon ou yo.

#### **Nan ka sa yo, ou gen alafwa dwa ak chwa pou di nou pou:**

Pataje enfòmasyon avèk fanmi w, zanmi pwòch, oswa lòt moun ki enplike nan swen w. Pataje enfòmasyon nan yon sitiyasyon sekou katastwòf. Sa ki gen ladan enfòmasyon w nan anyè lopital.

Si ou pa ka di nou preferans ou, pa egzanp si ou pèdi konesans, nou ka pataje enfòmasyon w si nou kwè li nan pi bon enterè w. Nou ka pataje enfòmasyon w tou lè sa nesesè pou diminye yon menas grav ak iminan pou sante oswa sekirite.

#### **Nan ka sa yo, nou pa janm pataje enfòmasyon w sof si ou ba nou pèmisyon alekri:**

Rezon publisite, lavant enfòmasyon w, ak pifò pataj nòt sikoterapi yo.

**Nan ka pou ranmase lajan:** Nou ka kontakte w pou pwojè ranmase lajan, men ou ka di nou pa kontakte w ankò.

### **Itilizasyon ak Divilgasyon nou yo**



Kijan nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyon sante w?  
Nou jeneralman itilize oswa pataje enfòmasyo sante w nan fason ki annaprè yo

**Trete w.** Nou ka itilize enfòmasyon sante w epi pataje 1 avèk lòt pwofesyonèl kap trete w yo. Egzanp: Yon doktè kap trete w pou yon blesi mande yon lòt doktè osijè kondisyon sante w anjeneral.

**Jere òganizasyon nou.** Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante w pou jere biznis nou an, amelyore sante w, epi kontakte w lè sa nesesè. Egzanp: Nou itilize enfòmasyon sante sou ou pou jere tretman ak sèvis ou yo.

**Faktire pou sèvis ou yo.** Nou ka itilize epi pataje enfòmasyon sante w pou voye bòdwo epi resevwa peman nan men plan sante oswa lòt antite yo. Nou bay plan asirans ou enfòmasyon sou ou kidonk li pral peye pou sèvis ou yo.

#### **Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w?**

Nou otorize oswa gen obligasyon pou pataje enfòmasyon w nan lòt fason yo—jeneralman nan fason ki kontriye pou byen publik la, tankou rechèch ak sante publik. Nou gen pou n satisfie anpil kondisyon nan lwa anvan nou ka pataje enfòmasyon w pou rezon sa yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon ale nan: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html).

#### **Èd avèk pwoblèm sante ak sekirite publik.**

Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou pou sèten sitiayson tankou:  
Prevni maladi  
Ede avèk rapèl pwodui yo  
Rapòte reyakson endezirab medikaman yo  
Rapòte abi sispek, neglijans, oswa vyolans domestik

Prevni oswa redwi menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

**Fè rechèch.** Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon w pou rechèch sante.

**Konfòme avèk lwa a.** Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa eta oswa federal egzije l, sa ki gen ladan Depatman Sante ak Sèvis Imen si li vle wè ke nou konfòme avèk lwa federal sou konfidansyalite.

**Reponn a demann don ògan ak tisi.** Nou ka ptaje enfòmasyon sante sou ou avèk òganizasyon pou acha ògan yo

**Travay avèk yon egzaminatè medikal oswa direktè ponp finèb.** Nou ka pataje enfòmasyon sante avèk yon doktè lejis, egzaminatè medikal, oswa direktè ponp finèb lè yon moun mori.

#### **Trete demann konpansasyon travayè, lapolis, ak lòt demann gouvènman.**

Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante sou ou:  
Pou reklamasyon konpansasyon travayè  
Pou rezon kap fè respekte lalwa oswa avèk yon otorite ranfòsman lalwa  
Avèk ajans sipèvizon sante yo pou aktivite lalwa otorize  
Pou fonksyon spesyal gouvènman an tankou militè, sekirite nasyonal, ak sèvis pwotektiv prezidansyèl

#### **Reponn a pwochè ak aksyon legal.**

Nou ka pataje enfòmasyon sante sou ou an repons a yon òdonans tribinal oswa administrativ, oswa an repons a yon manda.

*Remake: Yon otorizasyon jeneral ki soti nan men w pa ase pou divilgasyon sèten enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon tankou VIH, SIDA, Sikolojik, Sikyatri, STD yo, Agresyon Seksyèl, ak dosye sou Vyolans Domestik. Ou ka oblige siyen yon konsantman spesyal.*

#### **Responsabilite nou yo**

Nou gen obligasyon daprè lalwa pou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante pwoteje w.  
Nou pral fè w konnen rapidman si gen yon vyolasyon ki te fèt ki te kapab konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon w.  
Nou dwe swiv devwa ak pratiksou konfidansyalite yo ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopi ladan.  
Nou pa pral itilize oswa pataje enfòmasyon w ot ke sa ki dekri isit la awmenske ou ba nou otorizasyon alekri. Si ou di nou kapab, ou ka chanje lide w a nenpòt kilè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide w.  
Pou w jwenn plis enfòmasyon ale nan: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html).



Chanjman nan Tèm Avi sa a

Nou ka chanje tèm avi sa, e chanjman yo pral aplike nan tout enfòmasyon nou gen sou ou. Nouvo avi a pral disponib sou demann, nan biwo nou an, ak sou sit entènèt nou an.

Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplike nan òganizasyon ki annapré yo.

Dan Driscoll Neponset Health Center - 398 Neponset Ave. Dorchester, MA

Geiger-Gibson Community Health Center - 250 Mt. Vernon St. Dorchester, Ma

Harbor Community Health Center Hyannis - 35 Attucks Ln. Hyannis, MA

Harbor Community Health Center Plymouth - 10 Cordage Pk. Plymouth, MA

Harbor Community Health Center Provincetown- 49 Harry Kemp Way Provincetown, MA

Ellen Jones Dental Center - 351 Pleasant Lake Ave. Harwich, MA

Elder Service Plan - 1135 Morton St. Mattapan, MA

Elder Service Plan - 479 Torrey St. Brockton, MA

Harbor Health Services, Inc.

1135 Morton St.

Mattapan, MA

Corrina Halloran, Privacy Officer

Challoran@hhsi.us

617-533-2282

<http://www.hhsi.us>